



ENFÒMASYON FÒMASYON LAFWA POU 2024-25

11 Out 2024

Chè paran, timoun, jèn ak granmoun:

Byenveni nan yon lòt ane fòmasyon lafwa. Nou espere ou te gen yon bon ete epi ou pare pou retounen aprann sou lafwa nou. Nou sètènman trè eksite gen ou ankò.

Sa ki anba la yo se rapèl enpòtan pou pwosesis enskripsyon an, fòmasyon lafwa, ak preparasyon pou yon Sakreman:

Enskripsiyon

- Enskripsiyon ap kòmanse Dimanch, 11 out. Ou dwe enskri ptit ou / jèn yo alè chak ane, menm si yo pral nan yon dezyèm ane preparasyon pou yon Sakreman.
- Fòm yo sou entènèt ou ka ranpli. Ou ka ranpli fòm nan, enregistre'l epi voye li par-email bay mzayas@standrew-orlando.org. Tanpri reponn tout kesyon ki sou fòm nan.
- Si ou prefere yon kopi enprime fòm enskripsiyan an, tanpri vin pran youn nan biwo legliz la oswa pandan enskripsiyan an.
- Gen yon frè enskripsiyon ak yon frè pou fòmasyon lafwa. Frè enskripsiyon an se \$25 pou chak élèv, epi li dwe peye nan moman enskripsiyon an; sa vle di, lè ou ranpli fòm nan epi ou pare pou remèt li nan biwo Legliz la. Pa gen okenn rabè sou frè enskripsiyon an.
- Frè fòmasyon lafwa a baze sou nivo preparasyon ak Sakreman élèv la ap prepare. Gen yon rabè sou frè fòmasyon lafwa si ou peye tout anvan 30 septanm. Oswa, ou ka peye vèsman kote dènye peman an dwe fèt nan dat 31 desanm 2024.
- Tout balans soti ane pase dwe peye nan moman enskripsiyon an ane sa a.
- Ou ka peye enskripsiyon ak / oswa frè fòmasyon lafwa pa chèk, lajan kach oswa sou entènèt. Si w peye sou entènèt, ou dwe peye frè PayPal an. Ou ka ale nan sit entènèt nou an (www.standrew-orlando.org), klike sou "Online Giving", epi klike bouton jòn nan "Donate". Nan seksyon nòt la, ou dwe mete sa wap peye, ak non timoun/timoun yo ke yo anrejistre.
- Jèn ki te resevwa konfirmasyon yo peye sèlman frè enskripsiyon \$25.

Fòmasyon lafwa

- Fòmasyon lafwa se yon pwosesis ki soti nan jadandanfan rive nan klas 12yèm ane. Nou aprann konnen Bondye ak lanmou li gen pou nou, e nou vin devlope yon relasyon ak Bondye pandan tan sa a. Timoun yo dwe vini nan fòmasyon lafwa chak ane kèlkeswa si yo pral resevwa yon Sakreman.
- Paran yo dwe vini nan sesyon fòmasyon lafwa pandan tan ptit li nan sesyon yo a. Sesyon yo ofri nan lang angle, panyòl, ak kreyòl.
- Gen 2 kalandriye pou sesyon dimanch ane sa a, youn pou K-6yèm ak yon lòt pou Ministè Jèn (Klas 7yèm-12yèm). Paran ki gen timoun nan tou de nivo yo ap bezwen tou de kalandriye.

- Prezans nan Lamès Dimanch yo ak Seson Dimanch yo, se yon pati trè enpòtan nan pwosesis fòmasyon lafwa a, espesyalman pou preparasyon pou yon Sakreman. Si ou enskri anreta, sesyon yo ke ou rate nan kòmansman an pral konte kòm absans. Tampri vini nan Lamès Dimanch ak pitit ou yo regilyèman.
- Jèn ki nan klas 7yèm rive nan 12yèm ane, se pou yo asiste Ministè Jèn yo menm apre yo fin resevwa konfirmasyon yo.

Preparasyon Sakreman-Premye Kominyon ak Konfirmasyon

Premye Kominyon

- Timoun yo dwe gen Premye Rekonsilyasyon yo pou resevwa Premye Kominyon yo; se poutèt sa, klas Premye Kominyon gen ladan preparasyon pou Premye Rekonsilyasyon.
- Paran ak/oswa gadyen dwe ale nan sesyon Premye Kominyon paran yo.
- Preparasyon pou Premye Kominyon se yon pwosesis de ane pou timoun nan lekòl piblik ak yon pwosesis en nan pou timoun nan lekòl Katolik.
- **Preparasyon Timoun ki Lekòl Piblik** egzije prezans nan Lamès Dimanch ak sesyon Dimanch yo pandan premye ane preparasyon, ak prezans nan Lamès Dimanch; ak, sesyon Dimanch yo, ak prezans nan dis sesyon Mèkredi pandan dezyèm ane preparasyon.
- **Preparasyon Timoun ki lekòl Katolik** egzije prezans nan Lamès Dimanch, sesyon Dimanch yo, ak prezans nan dis sesyon Mèkredi yo.
- Timoun yo dwe nan twazyèm ane oswa pi plis pou resevwa Premye Kominyon yo a.
- Si yon timoun nan premye oswa dezyèm ane preparasyon manke twòp sesyon oswa li pa ale nan La Mès, lap bezwen repeète ane a.
- Sètifica Batèm pou timoun ki mande Premye Kominyon an dwe soumèt bay biwo a avèk fòm enskripsyon an, sof si timoun nan te batize nan St Andrew.

Konfirmasyon

- Konfirmasyon onfimasyon kòmanse nan klas 9yèm ane.
- Konfirmasyon se yon pwosesis de ane **depi** jèn nan te asiste Fòmasyon Lafwa pou twa ane anvan yo.
- Jèn ki pa gen twa ane nan Fòmasyon Lafwa dwe konplete twa ane Fòmasyon Lafwa anvan yo aksepte nan pwosesis konfirmasyon de ane a.
- Preparasyon pou Konfirmasyon se menm bagay la pou timoun nan Lekòl Piblik ak Lekòl Katolik.
- Timoun yo dwe resevwa Premye Kominyon yo pou resevwa Konfirmasyon yo.
- Konfirmasyon egzije prezans nan Lamès Dimanch ak prezans nan sesyon Dimanch yo pandan premye ane preparasyon an; ak prezans nan Lamès Dimanch, prezans nan sesyon Dimanch yo, ak prezans nan 12 sesyon Mèkredi yo pou dezyèm ane a.
- Paran ak/oswa gadyen, ak Marenn/Parenn yo dwe ale nan sesyon Konfirmasyon Mèkredi espesifik.
- Jèn yo k ap prepare pou Konfirmasyon gen 3 retrèt pou patisipe pandan peryòd de zan an. Retrèt yo pa ofri chak ane; se poutèt sa, yo dwe ale nan yo lè yo disponib.
- Jèn k ap prepare pou Konfirmasyon an gen Sèvis Kominote pou li konplete.
- Kathy Morgan, minis jèn yo, pral pwograme reyinyon ak fanmi yo nan preparasyon Konfirmasyon.